

## Jounen/Ane lekòl 3-K nan gadri fanmi (Family Child Care, FCC)

### K: Kilè yo ofri sèvis jounen/ane lekòl 3-K nan FCC?

R: Yo ofri sèvis jounen/ane lekòl 3-K lakay gadri fanmi ant septanm ak jen. Timoun yo ale nan pwogram yo pou 6èdtan ak 20 minit pou yon total 176 jou. Kalandriye a gen menm kantite jou ak lè ak yon lekòl leta. Dat egzat yo pral sanble ak kalandriye lekòl leta a men ou ta dwe pale avèk founisè ak rezo w ap konsidere pou gade kalandriye espesifik yo ak asire li satisfè bezwen w.

### K: Èske jounen/ane lekòl 3-K gratis nan FCC?

R: Wi! Plas jounen/ane lekòl 3-K w la gratis pou yon total 6èdtan ak 20 minit chak jou (paegzanp, 8:00am jiska 2:20pm) pou 176 jou sèvis pa ane.

### K: Esi mwen bezwen gadri avan jounen lekòl la kòmanse oswa apre 6èdtan ak 20 minit lan chak jou?

R: Erezman, pifò founisè FCC yo ofri yon jounen sèvis pwolonje pou fanmi (gen yon frè pou sa) Si w bezwen swen anplis avan lekòl kòmanse, apre lekòl fini, ak/oswa pandan poz lekòl oswa nan ete, ou ta dwe pale dirèkteman avèk pwogram ou ye a pou fè yon aranjman. W ap pere pwogram lan (*se pa rezo FCC a dirèkteman pou nenpòt sèvis anplis ou bezwen*).

### K: Poukisa FCC se yon bon chwa pou 3-K?

R: Gen plizyè rezon ki fè FCC se yon bon chwa pou oumenm ak fanmi w:

1. **Li bon pou ou!** Gen plizyè pwogram ki disponib nan kominote w la epi ki ofri lè ki fleksib ak pwolonje pou sipòte bezwen endividyèl ou.
2. **Yon anvwonman ki sanbla ak lakay!** Pou plizyè fanmi, se premye fwa w ap voye jèn pitit ou a lekòl. Anvwonman ki sanble ak lakay la ba yo yon espas sennesof, akeyan ak chalere pou aprann tout sa yo bezwen avan Pre-K for All kòmanse.
3. **Aprantisaj avèk gwoup laj miks!** DOE kreye kourikoulòm ki baze sou rechèch pou satisfè tout bezwen timoun 3-K w la ansanm ak lòt timoun apati laj 6 semèn rive 3 lane ki ka nan pwogram ou ye a. \*Tanpri sonje kèk pwogram FCC sèvi sèlman timoun laj 3 lane.
4. **Sanble avèk ou onivo kiltirèl ak lengwistik!** Pwogram FCC yo fèt nan kominote yo. Yo souvan gen ladan yo moun, kilti ak lang kominote w.

### K: Ki tip aprantisaj pwofesyonèl founisè FCC m lan resevwa?

R: Anplis sipò chak mwa pou sante ak sekirite ak yon minimòm kat jou aprantisaj pwofesyonèl chak ane, founisè w la resevwa antrènman pedagojik endividyèl de fwa pa mwa nan rezo FCC li ye a. Yo atann pou tout founisè ki afilye yo ak rezo FCC yo satisfè gwo kalite nòm DOE yo.

### K: Ki tip sèvis Rezo FCC a ofri pou mwen?

R: Rezo FCC a la pou OU! Yon travayè fanmi pral angaje pou ede w avèk nenpòt bezwen ou ka genyen (paegzanp, sèvis kominotè, resous edikasyon pou tout fanmi an, konprann sèvis edikasyon espesyal, edikasyon timoun ak anpil lòt ankò).

### K: Kòman pou mwen enskri pitit mwen an nan yon jounen/ane lekòl 3-K?

R: Ale sou [myschools.nyc](https://www.myschools.nyc.gov) pou chèche pwogram nan kominote w la, klase yo dapre "Tip" (Gadri fanmi) (Family Child Care), epi rele moun pou kontakte nan rezo FCC a nan lis pwogram lan pou jwenn plis enfòmasyon sou yon pwogram espesifik.

